# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

№ 17-18 (10183-10184) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2021 сон. 26 март. / Рузман


## ИРГАДУЛАБ СЕССИЯЛЪУЛ ХIАСИЛАЛ



Сон, ай 25 марталъ, администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана анкьабилеб ахIиялъул депутатазул щуабилеб сессия. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, депутатазул Собраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаровас, ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Мурад Къурбановас, районалъул росабазул депутатас ва администрациялъул хIалтIухъабаз.

Данделъиялда аслияб куцалъ к1вар кьун бицана ва данд бана щуго суал. Гьел гIемерисел баян кьеялъул хасият бугелллъун рук1ана.

1.Мух1амаднаби Г1умаровас сессия рагьана ва раг1и кьуна Мурад Къурбановасе. Гьес депутатазда ва залалда ругел цогидазда цебе 2020 соналъ ОМВДялъул хIалтIухъабаз гьабураб хIалтIул отчет кьуна.

**«Нижер аслияб хIалтIилъун ккола гIадамал цIуни. Гьаб нилъер заман буго нилъго, нилъер лъимал, гIагарлъи терроризм-экстремизмалдаса ва наркоманиялдаса цIунизе кколеб. Нилъер щивасда тIадаб жо буго чи мекъи ккечIого, гьев битIараб нухдаса вачи. Амма лъиениги бокьун гьечIо кумек гьабизе, я, нижее я тIоцебесеб иргаялда, гьев чиясе.**

**Дида бичIчIула, нужее бокьун гьечIо гьоркьоблъи хвезабизе ва лъалел г1адамал къватIир чIвазаризе, амма нужеда лъай, нужеца гьабулеб жо лъикIлъи гьечIо, квешлъи буго.**

**Гьединго рехсезе бокьун буго къаси мехалъул кватIараб гIужалъ къватIазда хьвадулел лъималазулги. Гьезул хал лъица гьабизе кколеб? Щиб жо гьезие кканиги, гьелъул жаваб лъица кьезе бугеб? Узухъда, эбел-инсуца. ЦIуне нужерго лъимал, балагье гьезда хадур, малъе ва кье гьезие битIараб тарбия»**,-ян абуна ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралес жиндирго цеве вахъиналда.

Гьединго Къурбановас депутатазде гьари бана полициялъул хIалтIухъабазе, хасго участковыязе кумек гьабеян законалда данде кколарел ишал гьарулел гIадамал тIатинаризе».

2. Гьесул рагIаби кьучIое росун, бугеб хIакъикъаталъул бицун, кIалъазе вахъана Кьохъ росдал депутат ГIалиасхIаб МухIамадов.

**«Нилъерго росдал ва тIолабго районалъул ургъел гьабулел гIадамал нилъ ратани, нилъее къваригIунаро ихтияр цIуниялъул отделаби ва органал. Нилъецаго жигар бахъизе ккола такъсирчилъи тIагIинабизе. БитIахъе, отделалъ гьаризе кколаро нилъеда кумек гьабеян, нилъеца гьезда гьаризе кколаан. Законалда ва шаргIалда рекъон, щивас жаваб кьезе ккола жиндирго лъимал-хъизаналъул, амма нилъ, депутатазда, тIадаб буго нилъер росдал гIадамазул жаваб кьезеги. Щайгуроги нилъеда божун, халкъалъ нилъ рищун руго гIадлу-низам цIунизе. Гьеб божилъи нилъеца хвезабизе бегьиларо»**,-ян жиндирго пикру загьир гьабуна гьес.

3.Гьелда хадуб районалъул бюджеталда ва ккарал хиса-басиязул хIакъалъулъ баян кьуна финансазулаб ва экономикаялъул идараялъул нухмалъулев Заурбек Муслимовас.

КСПялъул председатель Расул Мусалаевас бицана районалъул бюджеталда хиса-басиял гьаризе ккараб хIукмуялъул хIасилал.

4.Бюджеталда ккезесел хиса-басиязул хIасилазул баян кьун лъугIидал, ихтиярал цIуниялъулаб отделалъул нухмалъулев Шамиль Дибировас администрациялъул структураялда ва районалъул контрольно-счетнияб палатаялда ккарал хиса-басиязул проекталъул хIакъалъулъ кIалъай гьабуна.

5.Ахиралда районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас кIвар кьуна бюджет битIун хIалтIизабиялъул суалалде. Гьес депутатазда тIадкъана гьеб суалалда хадуб халкквеян.

**-Нужеда лъазе ккола бюджет сундуе х1алт1изабулеб бугебали. Суалал кьун, документазда ралагьун лъазабе гьеб. Дица нужедаса гьикъизе буго мекъи х1алт1изабураб гIарцул жавабчилъи. Гьединлъидал, метерисеб кьоялъ дида гIайиб гьабуге**,-ян тIаде жубана районалъул нухмалъулес.

М. МухIамадова.



### ПРОФЕССИОНАЛИЯБ БАЙРАМГУН КУЛЬТУРАЯЛЪУЛ ХIАЛТIУХЪАБИ

*ХIурматиял Болъихъ районалъул культураялъул идарабазул хIалтIухъаби ва ветеранал!*

*РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам-культураялъул хIалтIухъанасул Кьо!*

*Гьеб байрам-багьана цоги нухалъ районалъул маданиялъул ирс цIуназе ва гьеб тIадеги цIикIкIине гьабуразе баркала кьезе. Гьезул пикраби ва гьел гIумруялде рахьинариялъе гьабулеб кIвахI гьечIеб хIалтIи гIиллаллъун ккола нилъер районалъул гIадамаз батIи-батIияйл маданиял тадбиразулъ гIахьаллъи гьабиялъе. Байрамкъоял районалъул халкъалъе унго-унголъ байрамаллъун лъугьин бараб буго нужер хIалтIуда ва хIаракатчилъиялда. Культураялъ гIуцIцIула инсанасул гIумрудул рукIа-рахьин, хаслъи кьола щибаб халкъалъе, цIунула халкъазул гIадатал. Нужеца кIудияб хIалтIи гьабулеб буго нилъер районалъул маданияб ирс цIунун, жеги цIикIкIине гьабун наслабаца наслабазухъе кьеялъе. Нужер щибаб кьойилаб хIалтIул хIасиллъун ккола культураялъул рукъзабаздаги библиотекабаздаги нилъер халкъалъул рухIияб бечелъи цIунун хутIи.*

*Рохизе гьарулел руго республикаялъулги ва Халкъазда гьоркьоселги фестивалазулъгун конкурсазулъ нилъер творческиял коллективаз ва артистаз рихьизарурал лъикIал хIасилаз.*

*Баркала абизе бокьун буго нужеца кIудияб гьираялда гьабулеб хIалтIиялъухъ ва нужерго профессиялде бугеб рокьиялъухъ.*

*Гьарула гьира-шавкъ, рагIа-ракьан гьечIеб жигарчилъи, цIия-цIиял бергьенлъаби, талихI, икъбал ва лъикIабщинаб нужее. Божарав вуго, хадубккунги нужер гьунаралъ ва махщелалъ рохизе гьарилин районцоялги, районалъул гьалбалги.*

Руслан ХIамзатов,
районалъул бетIер.

# ГУГАРИЯЛЪУЛ ЛИГАГИ РАГIАЛДЕ ЩВАНА



Дагъистан Республикаялъул спорталъул министрлъун вукIарав, машгъурав пачалихъияв хIаракатчи, мунагьал чураяв АрсангIали Муртазалиев ракIалде щвеялъул хIурматалда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Любительскияб лига рагIалде бахъана араб гьатIан къоялъ. Гьеб тадбиралда гIахьаллъарав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас киназдаго баркана лига рагIалде щвей ва абуна:

**Гъаб лигаялъ тIатинаруна нилъер киналго лъикIал рахъал, спорталъулъ гурелги, гIаданлъиялъул рахъалъги; цоцаздехун бугеб лъикIаб бербалагьиги, адаб-хIурматги, бергьенлъиялде бугеб гIорхъи гьечIеб гIишкъуги, цоцазул рахъкквейги.**

**ЦIикIкIараб хIалуциналда ана къецал. Нилъер лъимал бихьизабуна, лъималазулго гуреб гIадаб, берцинаб ва махщалилаб гугари. Баркала буго гьел лъималазул тренеразе, спортшколазул хIалтIухъабазе кIудияб жавабчилъигун гьез гьабураб хIалтIухъ, къецазде гьабураб хIадурлъиялъухъ, тарбиячилъиялъухъ, лъималазул гугариялдехун бугеб рокьиги гьунарги тIатинабиялъулъ бихьизабураб кIвахI гьечIеб хIаракатчилъиялъухъги.**

**Баркала буго Арсанали Муртазалиевасул васазе ва гIагарлъиялъе, гьединго, спорталъул рахъалъ нилъее кидаго кумекалъе хIадурав Сажид Сажидовасе жакъа нилъер гьаб тадбиралда гIахьаллъаралъухъ.**

**Гугарухъабазе чIагояб мисаллъун ккола жакъа нилъехъе гьоболлъухъ рачIун ругел Россиялъул чемпионаталъул ва Севернияб Кавказалъул федералияб округалъул къецазул чемпионал ва призерал. Гьел руго нилъер районцоял. Божарав вуго, метерго Россиялъулги, Халкъазда гьоркьосел къецазул чемпиналлъунги рахъун ,гьединго нужги кIодо гьаризе рукIиналда.**

**РайоналъулбетIерхIисабалда, дица хIаракат бахъизе буго нужее киналниги къваригIунел шартIал чIезаризе. Гьаб лигаги букIине буго санайилго тIобитIулеблъун. Баркала нужее бихьизабураб берцинаб гугариялъухъ ва нужер гьуналъухъ. Гьединго баркала буго тренеразе ва лигаялъулги гьаб жакъасеб тадбиралъулги хIалтIи тIаде босарал гIуцIарухъабазеги, киналго болельщиказеги. Киназего икъбал.**

**Гьеб тадбиралда гIахьаллъарав, мунагьал чураяв АрсангIали Муртазалиевасул вас СагIидица кIудияб баркала кьуна жиндирго ва кинабго хъизаналъул рахъалдаса районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовасе, тадбир гIуцIцIаразе ва гьенир гIахьаллъарал киназегоги.**

**-Жакъа гьаб ургуялда нилъеда рихьарал гIисинал спортсменал-гьел руго Дагъистаналъул букIинесеб. Цо чанго соналдаса Халкъазда гьоркьоселги Олимпиялъул хIаязул къецазулъги бергьенлъабиги росун, нилъ рохизарулеб гIеллъунги ккола гьел. Болъихъ кидаго кIудияб кIвар кьолаан спорталде. Гьадинал тадбираз абуни, рес кьола лъималазул ва гIолилазул спорт цебетIеялъе. Баркала киназего, цоги нухалъ,-янги абуна СагIидица**.



РДялъул гугариялъул Федерациялъул Президент Сажид Сажидовас лъикIаб къимат кьуна гьеб тадбиралъе гуребги, районалда спорт цебетIеялъе ва машгъурлъиялъе гьабулеб хIалтIуеги. Гьединго машгъурав спортсменасул рецц-бакъалъе мустахIикълъана гIисинал спортсменазул гугариялъе бугеб махщелги, къецазул хIалуцинги, турниралъул гIадлунизамги ва гьелъул гIуцIцIиги.

Гьелдаса хадуб бергьарал командабазе кьуна шапакъатал:

ТIоцебесеб бакI босана "Микрорайон-1" командаялъ. Гьеб команда мустахIикълъана лигаялъул аслияб кубокалъе, медалазе, грамотабазе ва чемпионазул рачелазе.



КIиабилеб бакI ва гьеб даражаялъул шапакъатал щвана "Болъихъ-1" командаялъе.

Лъабабилеб бакIги данде кколел шапакъаталги росана "Микрорайон-2" командаялъ.

Гьединго хасал шапакъатазе мустахIикълъана тренерал ва берцинаб гугари бихьизабурал цо-цо спортсменал.

Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас шапакъатал кьуна 2021 соналъул Россиялъул чемпион МухIамад Къурбановасе, мазгарулав призер ХIажи Набиевасе, СКФОялъул чIахIиязда гьоркьов **чемпионлъун вахъарав М. ДибирхIажиевасе,** СКФОялъул батIи-батIияб цIайиялъул категориязда гIолилазда гьоркьор чемпионаллъун рахъарал МухIамадов Шамилие, Аслуев Расулие, Мутаев МухIамадрасулие, чемпионазул тренеразе.

ТIад цIар хъвараб сагIат Руслан ХIамзатовас сайгъат гьабуна Сажид Сажидовасеги...

Тадбиралъул ахиралда районалъул нухмалъулес баркала кьуна киналго гьенир гIахьаллъаразе, хасго, чемпионазе гIун бачIунеб гIелалъе гьез бихьизабулеб лъикIаб мисалалъухъ, гьезда цебе масъалаги лъуна-Олимпиялъул хIаязул чемпионаллъун рахъине.

"Болъихъ" хореографическияб ансамблялъул къурдиялдалъун гьеб тадбирги, эркенаб гугариялъул Любительскияб лигаялъул тIоцебесеб сезонги къана.

**ХI. ХIасанхIажиев.**



# АДАБИЯТ ВА МАДАНИЯТ

## ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ



Дуниялги чIаголъулеб, ракIалги рохулеб, сверухълъиги берцинлъулеб завал буго их. Гьеб жеги чIаго гьабула поэзиялъул, хъвадарухъабазул, театралъул къоязда хурхарал гьайбатал байрамазги. Гьел байрамазе кьучI лъуна батIи-батIиял соназда:

1961 соналъ ичIабилеб конгрессалъул делегатазул хIукмуялдалъун рагIизабуна 27 март театралъул Къолъун.

1986 соналъул 3 марталъ хъвадарухъабазул сессиялда гьеб къо рагIинабула Халкъазда гьоркьосеб хъвадарухъабазул Къолъун.

1999 соналъул 19 ноябралда ЮНЕСКОялъул лъеберабилеб Генералияб конференциялъул сессиялда 21 март рагIинабуна Халкъазда гьоркьосеб поэзиялъул Къолъун.

Гьаб лъабабго гьунаралда гьоркьов кколев щивав пагьму бугев чиясда баркула байрам.

Биччанте щивасул рагIи гIакъилаб, къалам бегIераб, калам мухIканаб букIине.

# КЬОХЪА МУХIАМАДИЛ ШИГIРИЯБ ИРС



АнцIила ичIабилеб гIасруялъул ахирал соназда магIарул шигIриял, зодор гвангъарал цIвабзазда гьоркьоб, жиндирго хасаб кунчIигун бакI ккуна Кьохъа МухIамадил цIваялъги.

Гьев шагIир вукIана гIажаибаб къисматалъул инсан. ГIолохъанго машгьурлъана Кьохъа МухIамад магIарулазда гьоркьов жиндирго камилал, пасихIал асараздалъун. Гьесул кучIдул ахIулаан доб заманаялъул гьунар тIокIал кочIохъабазги гIадатал магIарулазги. МухIамадил гьудуллъи ва лъай-хъвай букIана доб заманаялда магIарухъ цIар рагIарал рагIул устарзабигунги шагIирзабигун. Гьезда гьоркьор рукIана: ЧIанкIа, МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат ва цогидалги.

Амма гьечIеб икъбалалъги битI ккечIеб гIумруялъги МухIамадица тIалабго гьабичIо жиндирго гьунаралъул, ракIарун, данде гьарун, цIуничIо жиндир къалмикьа къватIире арал гьайбатал асарал. Гьезул тIалаб киб гьес гьабулеб, гьелъул гIаксалда, хвалда цебе васигат гьабуна шагIирас, жинца гьаб панаяб дунял тун нахъе хутIарал кучIдулги, кагъталги, тIахьалги рухIун, тIагIинареян. Амма шагIирасул васигат гьесул варисзабаз мухIканго тIубазабуниги, халкъалъухъ хутIун ратана МухIамадил цо-цо асарал. Баяназда рекъон, жакъа къоялда гьезул къадар бахунеб буго 30 тексталде.

Жеги 50-абилел соназдаго байбихьана Кьохъа МухIамадил асарал басмаялда рахъизе. Масала, гьесул цо чанго шигIру гьоркьобе бачун буго "Аваразул поэзиялъул антологиялде" (1958), магIарул поэзиялъе сайигъат гьабураб "Гьудулъи" журналалъул хасаб номералде ва цоги батIи-батIиял басмабазде.

Гьебго заманалда къватIире рачIана гIурус мацIалде руссинарурал "Эркенлъи", "Эбелги ясги", "Парад" абурал шагIирасул асарал. Д. Бродскиясги Д. Голубковасги гьарурал гьезул таржамаби лъун руго лъабго жилдазде данде гьабураб "Дагъистан" поэзиялъул антологиялдаги" (МахIачхъала, 1980).

Жидеда жанир Кьохъа МухIамадил асарал ругел гIемерисел басмабазда-антологиязда, мажмугIазда, журнал-газетазда ратула шагIирасул гIумруялъулги адабияб гьунаралъулги хIакъалъулъ бицарал къокъал баянал, жиделъ гIелмиял къиматалги ругел. Масала, 1958 соналда бахъараб "Аваразул поэзиялъул антологиялда" МухIамадил цIар рехсон буго цоги магIарул классиказда гьоркьоб: "Лъалеб жо буго араб гIасруялъул ахиралда XX гIасруялъул авалалда Ругъжаса ГIанхил Мариница, Элдарилас, ЧIанкIаца, МахIмудица, Кьохъа МухIамадица, Инхелоса Къурбаница ва гьезда релълъарал цогидазги магIарул адабияталъул рокьул лирика кIудияб жигаралда цебетIезабун букIана...".

Гьелдаго цадахъ шагIирасул гIумруялъеги адабияб гьунаралъеги тIоцебесеб гIелмияб къимат кьуна магIарул гIалимчи Бадави МухIамадовас. Гьес, жиндихъе щварал баяназдасаги, архиваздагун фондаздаги ратарал материалаздаса пайдаги босун, хъван буго "Кура-Магомед из Тлоха" абураб кIудияб гIелмияб макъала. Гьениб кьун буго шагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ гIатIидаб баян, рачун руго цере лъаларел рукIарал хIужаби, бихьизабун буго Кьохъа МухIамадил шигIрияб гьунар бачIараб нух.

# ДИР ГIАКЪЛУ БОСАРАЙ, РОСУ УРХЪАРАЙ

Дир гIакълу босарай, росу урхъарай,
Кьолей йигин чидай чергесай бика,
Чорхол дир рукьбузда рокьул цIаги лъун,
ЦIулал хIохьодехун юссун рагIулин.
Гьаваялъул лочнол чабхил гIужрукъил
Къадар хъвалин абун кинго вукIинчIо,
Къубайсалъул хIинчIалъ хIорил къверкъалда
Къвал балеб батани, тамаша буго.
Тун бадиб хIацIугун, хIамаги бичун
ХIижаз бартиялда квелъ базе ячIа,
КагIба рукъ къалъулеб къутIбу мунилан
Къун бугин дир гьаракь, гьаб къойил ахIдон.
Дир тIулада кванан, каранда хъат бан,
Хъархъилъ рещтIинадай зобалъул тIавус.
ТIавап дие гьабун, гьалмагъ цоги ккун
Гьеб яхI рехиладай халилатица.
Хваял гIадамазул мацIалда божун,
Буссинадай булбул чидар кодобе.
Чара хун вухIулев хадув дунги тун
Хурмадул гъветIалъул тIегь ботиладай.
ТIасан гьудул къокъун къвакъвадунилан,
Къилбаялде щвараб бакъул нур свинищ,
сверун накIкIул парча гIагарлъунилан.
Гусман пачаясде данде къеркьолев,
Къирал щив вукIунев шавкат кIудияв,
Шагь ГIабасидаса ГIайнаъ яхъулев,
Вахъа нужерго хан, вугев ватани.
ВитIе махIшаралде гьунар бихьизе,
Бергьарав Къороде, къурав молоде.
Къо лъугIарав-хабалъ, хутIарав-берталъ
Къурав босулебин ясалъул талихI.
Нусго бетIер бугел, ракIал чармилал
ЧагIи къваригIина къан ккун мун чIезе.
Къапалъул магIарде нахъе роржунел
Женаз мун аниги, тезе къасд гь ечIо,
Гьабун буго къотIи, къан буго рачел,
Къаникье аниги бичиларилан.
Къуръаналда квер чIван гьедун буго ракI
Гьудул чучарасул чехь бихъилилан.
Чармил къай, йокьулей, бакьулъа рачел,
Бицараб рагIуда йигей ятани.
Дицани теларо дургун балагьи,
Берзул канлъиялда квас-квас лъезегIан.
Кинго хIалхьи гьечIо гьинал рекIее
Гьудулалъул кверщел кодоб щвезегIан.
ГIаркьел бекичIого кукамул гъотIол
Каранлъе вахине хиял бугоан.
Амма туричIони, терекалда тIад
Татуялда кванан, босилаан кеп.
Квешаб гIазаб кьеяб гIиприталъул къавм
ГIунайзат къан кквезе къор гъезе лълъварал,
Къани талихIалда щибха гьабилеб,
Щобда буго булбул бакъан ахIулеб.
ХIал хъубал кьурдараб, къалал рохараб
Кьуралъуй мун чIараб бачIунгеги къо.
Къоролзаби, ясал, росдалго гьудул
Гъвел базе къачIарал, чIухIун хьвадарал,
Хьухьилъ цIадги бахчун, цIорокь лъимги чIун,
Лъидаго бугодай дида гIадаб хIал.
ХIелкие тIавус ун, тIотIое на ун,
Унго заманалъул хиси бихьулищ?
Хварал чIаголъарал, чIагоял хварал,
ЧIунтизе рекъараб дуниял буго гьаб.
Гьава-хIасрат буго балагьлъун сверун,
Сундухъ балагьундай дир икъбал бугеб,
Магьди вахъинегIан гIумру кьуниги
ГIунайзат щвечIони, щай аб дуниял.
Щибаб махлукъалъе ханлъун таниги,
Таллагь, бакьангуро мун гьечIеб росу.
Сулейманил гьудгьуд, Билкъисилги свед,
ГанчIидаса боржун алжаналъуб чIа.
ГIалхул зазил гъотIол тIанхилъ бусен лъун,
ТIун рагIичIеб гьоцIо ЦIоралъул наялъ
ЦIар тIаме, хIурулгIин, хIалихьатида,
ХIажрул асвадалде къасд дур батани,
Къорица ккуралъуб чанги гIоларин,
Чаргъадида къвалакь къоял рукIкIунге,
Къоно баралъуса лачен борчIулин
ЯчIая къватIие къунпузидаса,
КъватIул бахIригьойгун гьан жубачIого
Гьаваяб итаркIо каранде биччай.
Куц дица чIван гIурай чIурканай Асли,
ЧIаго хабалъ йикIин бугин захIмалъун,
Зарбу дир кьабурай кьер берцинай Гьинд
Кьурул нухъица бугин бахъун ун ракI.
Бахчабахъ барщулеб Шамалъул соно,
Щвелародай квине керен лъилъизе,
Китаялъ бижулеб багIараб лимон
Бичун чидахъ букIун, черх дир сахлъилищ?
салулъ вукъадида къоноги речIчIун,
КъватIие ячIине пурсат гьечIищ дур?
Пири щвадил мугъзалъ маххул хIосги бан,
Мех щун бугин гьанже, гьабе цо сабаб.
Сардилъ бахъунеб хъаз хъванкIделебги тун
Хъвараб бихьилебин, берцин гьабе мугъ.

# ДИР РЕКIЕЛ КЪВАРИЛЪИ, КЪУДРАТАВ АЛЛАГЬ

Дир рекIел къварилъи, къудратав Аллагь,
Къоролалъухъ ккараб рокьул кутакалъ.
Кереналъул тIвапи, ТIадегIанасев,
ТIинай Меседоде бугеб хIасраталъ,
ХIалтIухъаби руго ургьимесалда,
Илагьияб гIищкъул гIоралги регун.
ГIарцул къутIбул руго къаркъалаялда,
Къоролалъул дангъва дида кьабулел.
Кьер берцин йихьула хъахIаб рагъида,
Дун пана гьавизе формаги ретIун.
Пилил магьиялда гьумер релълъарай,
Лъиедай мун кьела, кьибилги рекъон.
Кьурул лаченалда лага бащадай,
Хъван бугодай къадар цоги чиясе.
Чараб мокъокъалъул гьан кваначIони,
Каранда бугеб цIа дирги свинаро.
Сурмияб миккигун васандичIони,
Соролел дир лугбал нахъ руссинаро.
Росас киндай тараб кавкабул харкъаъ,
Квине лъачIогодай чакарул керен.
Чагит киндай тIураб тIинчIкъоролалъул,
Къвал бан васандизе виччачIогодай.
Берал гьекъоларез, къвал жемуларез,
Къавулъе мусудул щибизе цIалел?
Шикалададалъулцин тату лъаларез,
Лъудби рачиналъул нич букIинарищ?
Нич-хIаяни нужер хIарщулъ къан бугин,
ХIурулгIинзабазда цIарал тIамулел
ЦIуял жалин нужей хIарамал ругин,
ХIамил тIенкелалда къвалги бан рега.
Къарбил меседолни яслъи холарин,
Нусго чиясе ун нахъ юссаниги.
Суратилан ккола камилай гьудул,-
Кеке бегIер буго, гIоно хъахI буго.
Хъвараб бил гIадинан рагIалги кIичIун,
КIиябго кьенсералъ кьола цо тату.
Кьурун гIададаса ахаде щварал
Халатал гъалазде гъаргъар бан буго.
Гъеж-квер бихьарасе бицине гIола,
Берцинлъаби рикIкIун бажариларо.
ГIарац-месед базе гарбида чIухIун,
Гугьар-месед базе гарбида чIухIун,
Гугьар бугеб алат гьелда тIад буго.
ТIогьол махI, маржанал дир гьудулалда,
Жавгьар-якъут бищун тIад бахун буго.
ТIолалго лугбузда бугеб файизалъ,
Пиридул гIадинаб тIокIаб нур буго.
Номер первиялде яхарай гIадин,
ГIолил ясалазулъ эй тарай гьечIо.
Гьанже мусудузул байрахъ босизе,
Бищун цебе авал элъухъе буго
Эбелалъул ургьий хулилалдего,
ХатI хъван буго элда берцинлъиялъул.
Ххамил фабрикалъул завод лъелелде,
Зодоб лъугIун буго элъие ретIел.
Загьратил къапила къацанданиги,
Къадру элъулалда бащалъиларо.
Билкъисил боялъго бох бухьаниги,
Бараб хъат гIунтIулеб гIаламат гуро.
ГIарац меседалъул миллион кьуни,
Кьезеги бегьула мун ячарасе.
Чакар-чамасдакил бахчабахъ тезе,
Туйи гьабулезе хIалаллъайги мун.
ХIасраталъ дун хвезе, хиял цIикIкIине,
ЦIуяв чиясгIаги щайдай йиччана.

Салман Х1асбулаев

# ХЪАЛИМ ВА БЕЧЕЛЪИ ГЬЕБ РОКЬИ ГУРО

(къиса)

1

Росдал клубалъур ниж гIодор чIун рукIана сценаялда гIагарда ругел скамейкабазул лъабабилеб кьерда. Дир хьолбохъ вукIана, гьоркьохъеб ригьалъул куц- бегI бугев, рагъулаб форма ретIарав, отпускаялъ вачIарав майор. Гьев вукIана ракI жубарав, хабар-калам гьуинав инсан. Концерт байбихьизегIан цоцаздехун руссун, ниж хабар каламалда рукIадго, нижеда цеесаги ун, скамейкабазул тIоцебесеб кьерда гIодой чIана майорасулго гIадаб ригьалъул, гьайбатай цо гIадан. Гьелда бер кIутIаралдаса майорасул рахIат хвана. РикIкIад бугеб жо лъикI бихьизе бокьарав гIадин, гьев дагьабго бетIерги цебехун къулизабун, гьелъухъ валагьун чIана. Гьей абуни, художникасда цее сурат бахьизе чIарай гIадин, цо кьуричIого цеехун ялагьун йикIана. Дунгун кIалъала вукIаниги майорасул рахIат хварал берал гьоркьо-гьоркьоб гьей гIаданалъухъ ралагьулел рукIана. Кинго нижер разалдехун гьей юссуна гьечIеблъиги бихьун, майорас дир гIинде щурана: «Щий дой?»-абун.

Дица гьелъул цIар бициндал, дагьавги цевехун къулун, нахъойги гьелъул рахьалдеги валагьун абуна: «ПатIиматишха дой? Дир ракIалъ бицана… Гьаб кього сонида жаний гьей хисун йигеб куцха!..»

Концерт лъугIинегIан ,гьоркьо-гьоркьов рахIатхун валагьулев вукIана гьев ПатIиматихъ ва бетIерги кIибикIун цо щибалиго жо щурулеб букIана гьес…

Концерт лъугIун хадуб ПатIимат нижеда аскIойги ячIун, вачIаравищан МухIамадидеги абун гьесул квер бачана.

Чияхъ кигIан валагьизе рекъараб гьечIониги, дун гьезухъ валагьун хIайранлъун хутIана.

ПатIиматил хIалтIуца согI гьабураб, бихьинчиясул гIадин гIобилаб кьер чIвараб квер МухIамадица хьатинибе бачана ва чалухлъиялъул гIаламат жаниса тIагIарал, цIоро-гьорон ругел гьелъул беразухъе валагьана. Гьеда ракIалде щвана кього сон цебе гьелъул чIурканал, чIегIерал беразул букIараб кунчIиги, кверзулъан цоцазухъе кьолеб букIараб кIудияб хинлъиги.

Майорги, ПатIиматги аскIор гIодорги чIун, накъиталда рукIана. Концерт лъугIун хадубги хъвалеб накьираялъулги, кьабулеб кьалиялъулги ва чIвалеб хьаталъулги гьаркьица гьезул хабар дида рагIизе толеб букIинчIо. Майорасул хьибилалда дун вукIиналъ батила, бугониги гьес абулел цо-цо рагIаби гIинда рагIунаан. «…Кього сон ана нилъ ратIалъаралдаса ва цоцазда рихьичIелдаса, кього соналъ цебе дуца дир каранда лъураб ругьун жеги сахлъун гьечIеблъи лъана кьаси мунги йихьун гьеб ссудизе лъугьиндал…»

ПатIимат цо рагIи абичIого, гьоркьо-гьоркьой гьесухъги ялагьун, гьурмаде багIарлъиги рехун гIенеккун чIун йикIана. ТIил кьун кьурдизе гьей яхьиндал, кинго яхI гьабизе кIвечIого дица майорасе суал кьуна:-Нужер рокьийищ букIараб?-абун.

-БукIана,-¬ян угьун хIухьел биччана гьес,- амма гьеб хъалималъги бечелъиялъги чIвана.

- Кин хъалималъги бечелъиялъги гьеб чIвараб,- ян гьикъана дица гьесда нахъойги.

-Кинха чIвалеб?-янги абун МухIамадица бицана дие жиндирго букIараб кIудияб рокьул гьитIинаб къиса.



МухIамадги ПатIиматги цо соналъ гьаруна, цо авалалда гIуна ва росдал анкьго сонил школалда гьеб лъугIизегIан цо классалда цадахъ цIалана. Лъимерлъиялдасаго цадахъ гIурал гьезул чорхолъ чаран гIадин лъадарун букIана кIудияб гьудуллъи, хадуб абуни, гьел балугъалъиялде рахиндал, гьеб гьудуллъи сверана хIал бергьараб, балъгояб рокьуде. Цоцазухъ гIашикьго рукIаниги, рагьизе кIолеб букIинчIо гьезда ракIал гьварилъухъ бахчун бугеб рокьул асар.

«ГIезегIан яс цIуне, гIун хадув вас цIуне»-абураб аваразул аби кьочIоеги босун ПатIиматил эбел-инсуца цо йигей яс абун, кигIан цIализе лъикIай гьей йкIаниги, росдал анкьго сонил школа лъугьаралдаса росу тун кьватIие цIализе йиччазе инкар ккуна.

Анкьго класс лугьиндал МухIамадие ва ПатIиматие бокьун букIана МахIчхьалаялъул медучелищаялде цIализе ине, амма ПатIимат цIализе йиччазе гьелъул эбелалъе бокьичIо. МухIамадица цIакъ тIад чIун гьарана Анисатида ясе цIализе йиччайилан. Киса, гьелъ гьесул гьариялъухъ гIин тIамичIо. ГIун ячIуней яс, эркенго тахшагьаралдаги тун, саяхълъиялда ругьун гьайизеги, гьей рагIулъги бугьтаназулъги лъун, ХIасанил рукъ суризабулей гIадан гуро жийян жаваб гьабуна. ПатIимат цIализе йиччачIелъул МухIамадиеги бокьичIо гьелдаса рикIкIад вукIине.

Харда гьоркьоб тIегь гIадин, тIолго ясазда гьоркьой гьурмалъаги берцинай, чорхолъаги гьайбатай ПатIимат йикIиналдаса чIухIун йикIана гьелъул эбел Анисат. ГIедал яс рососе кье, гьарун рачIаралги нахъчIвагеян гIагарлъиялъ абидал Анисатица абулаан: «Берцинай ясалъе росги, лъикIав чиясе чIужуги камуларилан». Гьеб чIухIиялъ чIамгIаллъун йигей гьелъ яс гьарун рачIаралщинал, жидер яс гIун гьечIилан, тIаса бихьун нахъ чIвалел рукIана. Амма ясалъул эбел-инсуца балъго рагIи кьун букIана МахIачхъалаялда росдал магIишаталъул институталда цIалула вугев, росдал колхозалъул председателъ АсхIабил цо вугев вас АхIмадие. ПатIиматие гьев къабуллъун вукIинчIо, гьелъул ракIалъ восарав вас цо МухIамад вукIана. ЭбелалЪ АхIмадил цIар бахъидал ясалъул рекIеда хIунсулаан, хIал лъазе биччачIониги, гьурмал кьер хисулаан. Гьеб бихьидал эбелалъ ясалда кIал гьикъулаан: «Мун гIадинай тIохоро ячарай гIоларого батила досие. Инсул цо вугев вас, чапун бечелъиялъ цIураб мина-къоноги бугев, нилъеца кIалалъ абурабгIан гIемераб хъалимги кьезе кIолеб рукъ бугел гIадамаллъидал гьел ругел!»

Эбелалъул АхIмадидехун бугеб цIайи бихьун ПатIиматица жаваб гьабуна: «Хъалим гIемер кьолезейишха нужеца дун гьанже хIайван гIадин йичизе йигей? Цо вугев дозул вас, цо йигей дун- нужер яс, щиб бечелъи гьезул бугеб вацал-яцал гьечIони, гьел гьечIел ниж релъуна гIалахалда гIураб цо бугеб янгъизаб гьветIалда. ЦIализеги нужеца дун йиччачIо, лъикIаб рос-рукъ швани щибизе ясазе цIали, цIалкIуялъулги лъималазулги жаваб кьуни гIелаян тIирун чIана нуж. Эбел, дуца гьарун рачIаразде абухъего дун гIун гьечIо… Дун росасе ине жеги цебе заман буго. Те дие рос рукъалде иналъул хабар»,-ян абуна ПатIиматица.

- Вай дир яс, лъикIаб ригьин гьараниги щолеб жо гуро, щвараб босизе лъачIони лъабчIурги щун хутIула. Дур гьудул МухIамадишха цIакъав вас вугев? Гьесухъ рокьи ккунгицин гуриш мун йигей? Вореха дир яс мискинчиясулгун ригьнаде лъугьине гурин мун, гIумруялъ мискинлъиялда хьахъусдила хутIула. Квер чIвазе эмен гьечIев, магIишат гьабизе кIолей эбел гьечIев, гьабун рагIалде бахьараб мина гьечIев, гьардухъабазул гIадин мискинаб вацазяцаз цIураб рукъ кквей гурони гьечIел…

-Эбе-л, гIела, гIела! Росдацаго бецщулеб гьезул рукъ, дуца какине ккараб рукъ гуро бугеб, мискинал дозул яцалги вацалги цIаларал чагIи рахъуна руго, цо йигей дун чияца кьолеб хъалималдаги бахилъун, цIализе йиччачIо-янги абун ПатIиматица гьоркьой кьинаюла эбел,

- МухIамадил гIайибишха эмен хвейги, эбел унтарай йикIинги, лъабго васги ва лъабго ясги гьезул рокъор гIейги ва гьезул мискинлъиги? ГIемер лъимал рукIин-гьелдаса кIудияб бечелъи щиб цоги бугеб? Дуца абухъе унтарай Аминатил чIахIияв ункъго лъимал тIадегIанал вузазда цIалула руго. МухIамадги гьесул гьитIинай яц Бикаги жеги школалъул гIумруялда руго, гьелги школа лъугIаралго цIализе ина. ТIадегIанаб лъайги босун гьелъул лъимал жиде-жидерго специальностазда рекъон пачалихъалъул хIалтIабазда хIалтIизе лъугьина ва гIисинккун хIалтIилаго гьел ресалдеги рахина… Дун абуни, дуца абухьего, росасул кIалдийги ялагьун лъималазулги, цIалкIуялъулги жаваб кьун рокьой йикIина.

- ПатIимат!-ян абуна Анисатица борхизабун гьаракьгун,- дуда жакъа гьеб бичIуна гьечIо, эбелалъе кин бокьулеб ясалъе талихI балагьизе, метер рос-рукъалде индал, бечедаб рукъ шведал, швакун йикIина мун гьений. Цинги, абадиялъ дуца дие бетIер къулила…

-Эбел, бечелъиялда хадур хапо лел гIемерисел мекъи ккун ратула… Мунги гьелъ бецщ гьаюн йиго. РакIал жубараб ригьин щвани, гьелдаса кIудияб рохел щиб бугеб чIужугIаданалъе. Цоцазе рокьулел рос-лъадуца, льеда тIад гама гIадин, гIумру цебеххун бачуна. Гьезул кIиго бетIерги, ункъго кверги цадахъ хIалтIани, хIаталдаса ун гIуцIула бечедаб магIишат, -ян жаваб гьабула ПатIиматица.

Жеги эбелалъе жаваб кьезе гIун йикIинчIониги Анисатица яс хIалица жиндаго данде кIалъазаюлей йикIана. Яс кIалъазайиялъе гIиллаги букIана гьелъул, гIадамаз бицаниxье, ПатIиматилги МухIамадилги цоцаздехун рокьи бугодан лъазе. Гьеб цIехезелъун гьелъ ясалъе гIемер сверел ругеб хабар бицуна. Амма ясалъухъан чIванкъотIараб, жиндие тIатине къваригIараб жаваб щвечIого хутIулаан. МагIарул гIадаталда рекъон, ригьнал хабар бицани яс нечон, гIодой къулун чIола ва эбел-инсуца абуралдаса кьуричIого гьез кьуралъуй росасеги ине ккола. Гьедин батилин Анисатицаги толаан.

МухIамадидехун бугеб рокьул цIаялъ кигIан жаниса жий юхIулей йигониги, ПатIиматида гьеб рагьизе кIолеб букIинчIо, я МухIамадие, я эбелалъе; гьей хIинкъулей йикIана… гьей нечолей йикIана. Хасго инсул бетIер къулизабизе бокьун букIинчIо. ЧIагояв инсанасул ракI рокьуца бухIичIого букIунаро. Цо-цоязул гьеб цIа бакидал кIкIуй гIадин, гIадамазда лъаледухъ бурунги бачIун, халкъалда гьоркьоб тIибитIула ва хадуб, кьватIул харбица тIаде лъимги щван, свинабула…

ПатIиматил рокьуца бухIулеб гьинал ракIалда абуни кIудиял кIулал ран рукIана. Гьеб рагьулеб кIул гьелъ, щияй магIарулалъго гIадин, рекIел гьварилъуда щулаго бахчизабун цIунун букIана…

**(Хадусеб букIине буго)**

# ГЪАВ ХУТІИЛА КИДАГО РАКІАЗУЛЪ

Араб соналъ нилъедаса ватIалъана Кьохъ росулъ гъаврав, кьахъдерил гIадат-гIамалги цIунун, гIадатиял магIарулазулги адабияталъул героязулги образал сценаялде росизе гъунар бугев режиссер, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан НурмухIамад НурмухIамадов. 2013 соналъ гъесие щвана Президентасул грант. 2014 соналъ "Душа Дагестана" абураб номинациялъулъ Дагъистаналъул бетIерасул грант.

Амма ракIчIун абизе кIола бищунго кIудияб къиматлъун гъесие букIанин халкъалъ гъесул гъунаралъе чIвалеб хъатги, гъезул рокьиги. Районцояз захIматго къабул гъабуна гъесул хвел. Узухъда, гъев вукIана щивав чиясе рекIее гIагарав, божарав гъудул кинигин. Гъелъин камиги бакIлъараб районцоязе, пишацоязе, тIолалго театр бокьулезе.

БакIлъиларебги кин, щибаб тадбиралъулъ, лъугъа-бахъиназулъ, рохалилъги къварилъиялъулъги гъев кидаго халкъгун вукIиндал.

1984 соналъ Тбилисиялда Шота Руставелил цIаралда бугеб театралияб институт багIараб дипломалдаги лъугIизабун вачIарав НурмухIамад тIоцересел къоялго театралъул коллективалъ лъикI къабул гъавуна.





Гъелдаса нахъе гъев халкъалда цеве вахъана батIи-батIиял ролалгун: "Мун йиго дир эбел", "Камалил Башир", "ХIелказул балагъ", "Хъамурав бахIарав" абурал ва гъел гурел цогидалги спектаклязулъ.

Гъединан НурмухIамадица хIалтIи байбихьана авар театралъул сценаялдаса. Хадув гъев хIалтIизе лъугьана Болъихъ культураялъул рокъов режиссерлъун.

Балъхъадерица лъикI къабулги гъабуна "Африкаялдаса бахIарав" абураб спектакль ва цогидал НурмухIамадица лъурал постановкаби. Махщел камилав чиясе каваби кидаго рагъарал рукIунин абухъего, ахирал соназ гъев Авар театралъ тIалаб гъавуна жидехъего. Гъесдаса инкар гъабичIо Болъихъ культураялъул рукъалъги. Гъединан НурмухIамадица цадахъ бачана кIиябго театралда хIалтIи. Гъев ахIулаан цогидал районазги театралиял постановкаби лъезе.

Гъесул гъунар сабаблъун ккана тIадегIанал шапакъатазе Болъихъ культураялъул рукъ мустахIикълъиялъе. Культураялъул рукъалъул къадада чIварал суратазги, баркалаялъул кагътазги, сертификатазги хвел гъечIеб нугIлъи гъабила вукIанин хIакъикъияб гъунаралъул мустахIикъав хIалтIухъан Кьохъа НурмухIамад НурмухIамадов абун.

Гъединавлъун гъев хутIила ракьцоязул ракIазулъги.

# СУДИЯЙ ВА ШАГIИР

Нагагъги нилъеда дандчIваларо чIужугIадан- судияйги поэтессаги. Гъеб ккола Аллагъасаго кьураб гъунар. Гъединаб гъунарги махщелги щваразул цояй йиго Джамиля Пахрудинова. Гъей гьаюна ва гIуна МахIачхъала шагьаралда. ГьитIинго бижана гъелъул поэзиялде рокьи.

ТIоцересел кучIдул рахъана школалъул къадал газетаялда, хадур, республикаялъул газетазда ва журналазда.

АнцIила лъабго сон тIубан букIинчIо Джамилял тIоцее Расул ХIамзатовгун дандчIвараб мехалъ. Доб сордоялъ Авар театралъул сценаялда цIалдохъабазул творчествоялъул конкурсалда жиндирго кечI цIализе цее яхъарай Джамиля Расулица жеги кIиго-лъабго кечI цIализе тIамуна.

Конкурсалъул хIасилал гьаруллаго, гIун ячIуней ясалъул творчествоялъе къиматги кьолаго, Расул ХIамзатовас ясалъул бетIералда кверги бахъун абуна: "Лъималазул творчествоялъ дир рекIее цо тамашаяб асар гъабула, хIухьел цIазе кIолареб хIалалъ, багIарун бугеб бакъул кьоялъ хинлъиги цIоройги рекъараб гъава рекIелъ лъураб гIадинаб ахIвалхIал букIуна, хасго гьез жидерго кучIдул цIалулеб мехалъ",-абун.

Школа лъугIун хадубги, судалда хIалтIулагоги гIемер дандчIвалаан Расулгун, гIемер щолаан гъезухъе рокъоеги. Расулица цIалулаан жиндирго кучIдулги. Гъалъул яхъине бегьула лъикIай поэтесса. ГъабсагIат гъай гьитIинай поэтесса йиго, кучIдулги гьитIинал руго. КIудияй поэтесса яхъине кIудиял кучIдулги рукIине ккани, гъелъ хъвазе ккола жеги гIемерал кучIдул, лъугIизабизе ккола институт. Нижеца, хъвадарухъабазул союзалъ, гъабила кумекги,-ян. кучIдузе къиматги Расулица кьолаан.

Гъелъ кIудияб асар гъабурай Джамиляца цо дагъабги гъираялда хъвалаан кучIдул.

Къисматалъ батIияб нух тIаса бищана Джамиляе ДГУялъул юридическияб факультетги лъугIизабун гIемерал соназ хIалтIана МахIачхъала шагьаралъул судазда, цин судалъул председателасул кумекчилъун, хадуй судияйлъун. Гъений Джамиля хIалтIана 22 соналъ.

ХIалхьиялда ун хадуб, бокьулеб поэзиялде кIвар кьуна ва байбихьана харбал хъвазеги. Цоялда хадуб цояб, харбазулгун кучIдузул лъабго тIехь - "Хрустальные души", "Жемчужное ожерелье" ва кучIдузул сборник къватIибе биччана.

Гъанжеги къалам гIодоб лъун гъечIо Джамиляца. Хъул буго гьалъул харбазул ва кучIдузул цIия-цIиял тIахьаз нилъер ракIазе кIочонареб асар гъабизе букIиналде.

**Гъумер хIадур гъабуна З. КъурамухIамадовалъ.**



# МАХЩЕЛ КАМИЛАЙ ПЕДАГОГ



КъогогIаги соналъ хIалтIулей йиго Хадижат ТIалхIатовна Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительницалъун. Гьей ккола жиндирго профессия цIакъ бокьулей, лъикIаб даражаялда хIалтIулей педагог. Хадижатил педагогикияб хIалтIул мурадлъун ккола гьоркьоса къотIичIого, лъималазе цIия-цIиял, гьезул цIалуде гьира базабулел къагIидабазда рекъон хIалтIи. Хадижат кинаб ишалде гьорлъе лъугьаниги, гьелъ гьеб иш рагIалде бахъинабула, унго-унгоги жиндирго хIалтIи бокьулей йикIиналъ.

Педагогасул хIалтIул хIасилал рукIине ккола тIадегIанал. Гьел гьединаллъун рукIиналъе гIоло Хадижат ТIалхIатовналъ лъазарула лъай кьеялъул батIи-батIиял программаби ва цIия-цIиял къагIидаби. Педагогалъул киналго дарсал рукIуна гIажаибго интересал гIемерал цIиял къагIидаби гьорлъ ругел.

Гьединан дарсал кьеялъ щивав цIалдохъанасулъ бижизабула предметалде рокьи ва гьира. Хадижатица цIалдохъаби ругьун гьарула дунял бичIчIизе, цоцазул адаб-хIурмат гьабизе. Жиб-жиб сезоналъулаб заман данде ккезабун гIоритIула экскурсиял.

Хадижат ТIалхIатовна ккола тIоцебесеб категориялъул мугIалим. Школалъул дирекциялъул рахъалдаса гIемер щола гьелъие батIи-батIиял баркалаялъулал кагътalги грамотабиги. Гьелъул буго гьелъие мустахIикъаб лъайги. Гьединго Хадижатица жиндирго хIалбихьи гIахьал гьабула районалъул цогидал педагогалгун. ГIемер тIоритIула цIалдохъабазе батIи-батIиял темабаздаса бичIчIикьеялъул дарсал. хадуб цIалдохъабазе баян гьабула ккарал хIасилазул хIакъалъулъ.

Хадижатица гIемер тIоритIула "ХIинкъи гьечIеб хьвада-чIвади", "Дун ва дир сахлъи", "Букваралъулгун къо лъикI гьаби" ва гьел гурел цогидалги темабазда хурхарал гIемерал тадбирал.

Исана Хадижатица бачунеб буго кIиабилеб класс. Гьелъул классалда щибаб предметалъул лъай борцинелъун гьарурал тадбиразбихьизабуна цIалдохъабазул лъикIаб лъай букIин. Гьелъул классалда кидаго букIуна цоцада ричIчIиялъул, цоцазул адаб-хIурмат гьабиялъул лъаялде гьира-шавкъ базабиялъул ахIвал-хIал.

Хадижат ТIалхIатовналъул кIудияб къадру-къимат буго районалъул учительзабазда ва цIалдохъабазул умумузда гьоркьоб.

**П. ДИБИРОВА.**

# Успейте оформить выплату на детей до 8 лет

Если у вас недавно родился ребенок, можно получить единовременную выплату — 5000 ₽. Она назначается на детей, рожденных начиная с 18 декабря 2012 года. Большинство родителей уже получили этот вид господдержки — без заявлений.

Сейчас обратиться за ней могут мамы или папы, которые раньше не получали выплаты на детей до 16 лет. Как правило, это семьи, у которых ребенок родился после 1 июля 2020 года.

Если вы еще не оформили выплату на Госуслугах, сделайте это до 31 марта включительно.

Потом подать заявление будет нельзя.

Что это за выплата

Как подать заявление

Если выплата приходила вам в декабре 2020 года, ничего делать не нужно — вы уже использовали свое право на господдержку, она предоставляется один раз.

Вот какие еще есть варианты:

Выплата до 3 лет

Выплата от 3 до 7 лет

# Пенсионный фонд напоминает

Пенсионный фонд Дагестана напоминает: в соответствии с Указом Президента РФ №797 от 17.12.2020 г. «О единовременной выплате семьям, имеющим детей» родители, усыновители, опекуны, попечители детей, рождённых в период с 18 декабря 2012 года по 31 марта 2021 года, имеют право на единовременную выплату. Размер выплаты составляет 5 000 рублей на каждого ребенка.

Большинство семей региона уже получили денежную выплату в беззаявительном порядке в декабре 2020 года на основе принятых ранее решений о выплатах на детей (ежемесячной выплаты на детей до 3 лет или единовременной выплаты на детей от 3 до 16 лет). Выплата осуществляется гражданам Российской Федерации, проживающим на территории Российской Федерации и являющимся родителями, усыновителями, опекунами, попечителями детей в возрасте до восьми лет, имеющими гражданство Российской Федерации.

Заявление можно направить в ПФР через портал государственных услуг или лично в любой удобной клиентской службе ОПФР по РД.

Опекунам (попечителям) ребенка для подачи заявления необходимо лично обратиться в клиентскую службу, поскольку им необходимо представить документы, подтверждающие полномочия. Личное обращение в клиентскую службу ОПФР по РД потребуется и в случае, если свидетельство о рождении ребенка выдано за пределами Российской Федерации.

Обращаем внимание на правильное заполнение заявления, всех его реквизитов с указанием корректного действующего расчетного счёта, на который будут перечислены средства.

До завершения приема документов осталось мало времени – заявления на единовременную выплату принимаются не позднее 31 марта 2021 года (включительно). Со всеми вопросами можно обращаться на «горячую линию» Отделения ПФР по Республике Дагестан – 88006000316.

# УВАЖАЕМЫЕ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКИ

***Межрайонная ИФНС России № 12 по Республике Дагестан сообщает, что с 25 ноября 2020 года в связи с изданием приказа от 31 августа 2020 года № ЕД-7-14/617@ «Об утверждении форм и требований к оформлению документов, представляемых в регистрирующий орган при государственной регистрации юридических лиц, индивидуальных предпринимателей и крестьянских (фермерских) хозяйств» стала доступной возможность отражения в Едином государственном реестре юридических лиц сведений об использовании как создаваемыми, так и действующими обществами с ограниченной ответственностью типовых уставов.***

***Типовые уставы утверждены приказом Минэкономразвития России от 1 августа 2018 года № 411.***

***Основные преимущества использования типового устава: экономия времени на составлении и утверждении устава общества, на его оформление для государственной регистрации; при изменении наименования, места нахождения и размера уставного капитала общества изменения в устав не вносятся; типовой устав в регистрирующий орган не представляется; при переходе общества со своего собственного устава на типовой государственная пошлина не уплачивается.***

***На сайте ФНС России (https://service.nalog.ru/statute/) размещён сервис «Выбор типового устава», позволяющий подобрать наиболее подходящий типовой устав.***

# ГIУН БАЧIУНЕБ ГIЕЛАЛЪЕ ЛЪИКIАБ МИСАЛ

Районалда цониги гIодобкъо унеб батиларо кинаб бугониги спортивияб тадбир тIобитIичIеб. Араб щамат къоялъги, ай 20 марталъ Микрорайоналда бугеб спорталъул кIалгIаялда жаниб районалъул лъай кьеялъул управлениялъул учреждениязул хIалтIухъабазда гьоркьоб IX спартакида. Гьеб гIуцIцIана районалъул лъай кьеялъул управлениялъ ва педагогазул профсоюзалъ. Школазул коллективазда гьоркьоб гьудуллъи щула гьаби гуребги, мугIалимазаби физкультураялъулъгун спорталъулъ гIахьаллъи гьабиялде ахIилъунги. Ахираб заманалда спорталъул батIи-батIиял тайпабазулъ нилъер районалдаса гIолилаз рихьизаруна лъикIал хIасилал: Дагъисталъул, Россиялъул ва Халкъазда гьоркьосел къецазул чемпионаллъун рахъана гьезул гIемерисел. Узухъда, гьелъие «гIайибияллъунги», тIоцебесеб иргаялда, нуж ккола. Баркала нужее гьелъухъги.

Дун вохарав вуго гьаб жакъасеб тадбиралда гIахьаллъи гьабулел командабазул къадарал-






спорталъулъ гIахьал гьари, гьезда гьоркьоб массовияб спорт цебетIезаби, сахаб къагIидаялда гIумру гьабиялде гьел ахIи гIадал масъалаби цере лъун рукIана тадбиралда гьелъул гIуцIцIарухъабаз. Спартакиадаялъул программаялда рукIана волейбол, столалда теннис хIай, шахматал, шашкаби ва гиря рехи. ГIахьаллъи гьабуна кинабниги 19 командаялъ.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабурав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас киназдаго спорталъулаб байрамги баркун абуна:

-ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго нужее баркала кьезе гIун бачIунеб гIелалъе нужеца кьолеб тарбия-лъаялъухъ. Гьаб спартакиадаялда нужеца гьабулеб гIахьаллъи, гьебги ккола нилъер гIолилазе лъикIаб мисаллъунги, лъимал физ-даса, хасго, руччабаз гIахьаллъи гьабиялдаса. РакIалъе лъикIаб асар гьабулеб буго диеги, диргун гIел бащадазеги тарбия-лъай кьурал мугIалимзаби нужеда гьоркьор рихьулел рукIиналъги.

Дица гьарула нуже киназего ритIухъал къецал, мустахIикъал бергьенлъаби.

Баркала ва икъбал киназего.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХажигIиса ИзмагIиловас киназего баркала кьуна спартакиадаялда гIахьаллъаралъухъ, бицана гьеб тадбиралъул масъалабазул. КватIичIого, апрелалъул авалалда, гьанибго тIобитIизе бугеб мугIрузул округалъул зоналиял къецазулги бицана гьес. КъваригIун бугилан абуна гIуцIцIизе тIаса бищараб лъикIаб команда ва мустахIикъаб хIалалда гьел къецазулъ гIахьаллъизеян. Киназего лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулес гьарана битIккейги бергьенлъабиги.

Командаби къецазде хIадурлъизегIан кьурдул номергун болельщиказда цебе бахъана хореографический ансамбль «Ботлих».

Байбихьана къецал. Командабазулал хIаял байбихьана руччабазул волейболалдаса. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна АнсалтIа СОШалъул командаялъ, кIиабилеб бакI - Болъихъ СОШ №3 ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана, гьединал тадбиразда «къанагIатал гьалбал», МигIарсо росдал гьоркьохъеб школалъул команда.

ХIалуцарал къецал рукIана волейболалъул рахъалъ бихьиназул командабазда гьоркьор. Лъабабилеб бакI цвана ГIашали росдал СОШалъул командаялъе. КIиабилеб бакI-Чанхъо школа. Спартакиадаялъул чемпионаллъун рахъана, цебеккунги гьелго къецазулъ чамго нухалъ тIоцебесеб бакI ккурал, КIижани росдал школалъул мугIалимзаби-волейболистал.

Киналго къецазул гIаммаб хIасил гьабун хадуб лъала нилъеда спартакиадаялъул чемпионлъун бахъарабги, хадусел бакIал ккуралги командаби. Гьел хIасилал данде гьариялда бараб буго районалъул мугIалимзабазул тIаса бищараб команда гIуцIиги.



# КРЫМ-РОССИЯЛЪУЛ РАКЬ

Гьал къояз нилъер ВатIаналъ кIодо гьабуна кIвар бугеб лъугьа-бахьин-Крым Россиягун цолъи.

Нижер школалда гьеб лъугьа-бахьин кIодо гьабун тIоритIана классалъулал сагIтал (классный час) рихьизаруна документалиял фильмаби, Гала-концерт. РукIана батIи-батIиял конкурсалги. Гьел конкурсазде лъималаз кIудияб жавабчилъигун хIадурлъи гьабуна.

ЛъикIал хIасилал рихьизаруна анлъабилеб, анкьабилеб ва микьабилеб классазул цIалдохъабаз.

Гьеб тадбир гIуцIцIиялъулъ нижее гьабураб кумекалъухъ бокьун буго кIудияб баркала кьезе культураялъул отделалъул хIалтIухъабазе.

**ГI. Халилбегова,**
**директорасул класстун къватIирехунисел ишазул заместитель.**



# РОСДАЛ БЕГАВУЛАС БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

Гьодобери росдал бетIер Шамил Къурбановас кIудияб баркала загьир гьабулеб буго росу берцин гьабиялъе ва росдал гIадамазул рукIа-рахьин лъикIлъизабиялъе гьарулел общественниял хIалтIабазулъ гIахьаллъи гьабурал киналго росуцоязе. Киназего гьес гьарулеб буго, хасго гIолохъабазе, росуги росдал жамагIатги разияб хIалалда хьвадизе таваккалги, гьединго сахлъиги ва икъбалги.

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:
Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов
Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
З.КъурамухIамадова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев
Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Индекс: 368970
Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

Телефон:
Директорасул
8928 680 50 42

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61
Тираж -600 Индекс-51349

Заказ № _____

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103